

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.1.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Méthode dina wangenan anu leuwih jembar dianggap cara stratégi pikeun maham réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun nganalisis runtuyan sabab akibat anu satuluyna. Salaku alat, sarua jeung téori méthode miboga fungsi pikeun ngabasajankeun, supaya leuwih babari ditalungtik jeung dicangkem (Ratna, 2004: 34).

Tuckman (1979: 12) nétélakeun yén méthode panalungtikan mangrupa hiji usaha nu sistematis pikeun nimukeun jawaban ilmiah kana hiji masalah.

Arikunto (1996: 150) nétélakeun yén méthode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan dumasar kana tujuan anu baris dihontal. Saluyu jeung pamanggih Suyatna (2002: 14) anu nétélakeun yén méthode panalungtikan déskriptif téh nya éta panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif hungkul, teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan atawa teu meunangkeun ma'na implikasi. Dina ma'na anu lega ieu panalungtikan téh ngagunakeun panalungtikan survey.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kualitatif déskriptif, méthode anu museurkeun panitén kana masalah-masalah kiwari anu

aktual, sanggeus data dikumpulkeun terus disusun jeung dianalisis (Sujana, 1987: 52). Méthode déskriptif nya éta salah sahiji méthode anu bisa ngaréngsékeun atawa ngajawab pasualan aktual ku jalan nempuh léngkah-léngkah ngumpulkeun data, nglasifikasikeun, nganalisis atawa ngolah data, nyusun kacindekan, jeung nyieun laporan.

Méthode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun Ajén Falsafah dina Rumpaka Kakawihan Kaulinan Barudak Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Karawang.

### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan nya éta salah sahiji usaha anu kudu dilakukeun kalawan méthode anu tangtu, sangkan udagan anu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Nurani, 2003: 39). Dumasar kana éta pamadegan, anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Téhnik Observasi, digunakeun pikeun niténan kaayaan jeung hal anu dijadikeun sumber data.
- b. Téhnik Wawancara, digunakeun pikeun ngajaring informasi ngeunaan ajén falsafah kakawihan kaulinan barudak anu aya di Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang.
- c. Téhnik Ulikan Pustaka, digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku jalan maca ngeunaan tiori-tiori anu aya hubunganana jeung panalungtikan.

### 3.2 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih nyoko tur henteu salah napsirkeun dina ngalaksanakeun panalungtikan, baris ditataan wangenan operasional anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

1. Ajén Falsafah nya éta nilai, harga atawa pangaji anu dihasilkeun tina pamikiran anu ditéangan bebeneranana.
2. Rumpaka nya éta téks lagu, sarua jeung lirik (Ind).
3. Kakawihan Barudak nya éta rakitan basa sabangsa dangding nu teu maké patokan pupuh anu sok dikawihkeun ku budak.
4. Dusun sarua jeung kampung atawa lembur, biasana daérah di pilemburan.
5. Bahan Pangajaran nya éta salasahiji komponén tina pangajaran anu salawasna ngalengkepan antara komponén hiji jeung komponén séjénna (tujuan, guru, sarana, fasilitas, jeung evaluasi pangajaran).
6. Muatan Lokal mangrupa kagiatan kurikulum pikeun ngembangkeun kompetensi anu di saluyukeun jeung ciri khas ogé poténsi daérah.
7. Basa Sunda nya éta basa indung urang Sunda anu diparake kénéh ku masarakatna, boh di tatar Sunda boh diluareun tatar Sunda.

Jadi nu di maksud ku judul "Ajén Falsafah dina Rumpaka Kakawihan Kaulinan Barudak Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Karawang Pikeun Pangdeudeul Matéri Pangajaran Muatan Lokal Basa Sunda" nya éta néangan ajén atawa bebeneran dina rumpaka kakawihan kaulinan barudak anu aya di daérah kutagandok pikeun dijadikeun bahan pangajaran disakola.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Sudjana (1991: 52) nétélakeun yén anu dimaksud instrumén panalungtikan téh nya éta sakabéh alat atawa cara nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu diperlukeun. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Alat pangrekam, anu digunakeun pikeun ngarekam proses ngumpulkeun data dina téhnik ngumpulkeun data.
2. Kamera, anu digunakeun pikeun dokumentasi. Dimana kamera ieu dipaké pikeun ngahasilkeun gambar dina prak-prakan panalungtikan.
3. Pedoman wawancara, digunakeun pikeun ngawawancara informan atawa jalma anu dianggap apal kana kakawihan kaulinan barudak anu aya di Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang.

Anapon conto angkét dina padoman wawancara nya éta:

**Tabel 3.1**

<b>INTRUMEN/PADOMAN WAWANCARA</b>	
<b>A. Biodata Informan</b>	
1. Wasta	:
2. Umur	:
3. Pagawéan	:
4. Alamat	:

Tabél 3.2

<b>B. Daftar Pertanyaan</b>
1. Pami barudak alit didieu masih kénéh kakawihan? Pami aya, kakawihan kaulinan barudak naon wae anu sok di kawihkeun?
2. Upami Bapa/Ibu kapungkur sering ngawihkeun kakawihan? Manawi émut kénéh kaawihan naon waé anu kantos dikawihkeun?
3. Bapa/Ibu apal atanapi henteu isi atawa ajén falsafah anu kakandung dina éta kakawihan?
4. Ngaraos prihatin henteu, kakawihan kaulinan barudak éléh daya irutna ku kaulinan anu leuwih modern? Sikap urang kudu kumaha?
5. Naon waé usaha bapa/ibu sangkan kakawihan kaulinan barudak teu leungit?

Tabél 3.3

<b>C. Ngumpulkeun Data</b>
ANGKET PANALUNGTIKAN KAKAWIHAN KAULINAN BARUDAK ANU AYA DI DUSUN KRAJAN 1 DÉSA KUTAGANDOK KECAMATAN KUTAWALUYA KABUPATEN KARAWANG.
Wasta : .....
Umur : .....
Alamat : .....
Kakawihan Barudak anu dipikawanoh: ..... ..... ..... .....
Karawang, ..... 2011 Tabuh:.....

### 3.3 Sumber Data

Anu bakal dijadikeun sumber data atawa informan nya éta jalma anu dianggap kokolot di éta masarakat, jalma anu apal kana éta kakawihan kaulinan barudak anu aya di Dusun Krajan 1 Désa Kutagandok Kecamatan Kutawaluya Kabupatén Karawang.

### 3.4 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus ngumpul hasil panalungtikan satuluyna dianalisis dumasar kana téhnik ngolahna. Léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Ngumpulkeun data anu geus disiapkeun saacanna
- 2) Data anu geus ka kumpulkeun ditengetan deui
- 3) Nganalisis data anu geus ditengetan
- 4) Nyieun kacindekkan

### 3.5 Léngkah- Léngkah Panalungtikan

Aya opat léngkah anu dijadikeun rarancang dina ieu panalungtikan, nya éta; tahap tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap ngolah data, jeung tahap nyusun laporan panalungtikan.

#### 3.5.1 Léngkah-Léngkah Tatahar

Lengkah munggaran dina ieu panalungtikan;

- a) Nyodorkeun judul panalungtikan,
- b) Nyusun rarancang panalungtikan,

- c) Ngayakeun survey awal,
- d) Ngurus surat ijin panalungtikan,
- e) Konsultasi jeung pangaping.

### **3.5.2 Léngkah-Léngkah Ngumpulkeun Data**

- a) Observasi ka tempat ulin barudak
- b) Wawancara ka jalma anu apal kana éta kakawihan kaulinan barudak
- c) Néangan bagéan-bagéan anu aya kaitanana jeung panalungtikan dina buku-buku.

### **3.5.3 Léngkah-Léngkah Ngolah Data**

Data anu geus kakumpul diolah dumasar kana téhnik ngolah data, nya éta:

- a) Mariksa data anu geus kakumpul,
- b) Ngadéskripsikeun data, jeung
- c) Nyieun kacindekan data anu geus kapaluruh.

### **3.5.4 Léngkah Nyusun Laporan**

Lengkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan sacara sistematis dina wangun skripsi.

Sistematika nyusun skripsi saperti ieu di handap:

**1) *BAB I (Bubuka)***

Bab 1 ngajelaskeun ngeunaan kasang tukang, dimana panalungtikan anu arék ditalungtikna. Salian kasang tukang aya watesan jeung rumusan masalah anu rék dipedar dina panalungtikan, kumaha tujuanana, kumaha mangpaatna, sarta anggapan dasar kana hal anu ditalungtik.

**2) *BAB II (Tatapakan Tiori)***

Bab 2 ngajelaskeun ngeunaan tiori anu dipaké, tiori anu aya patalina jeung judul anu diajueun pikeun panalungtikan.

**3) *BAB III (Métode Panalungtikan)***

Bab 3 ngajelaskeun métode jeung téhnik naon anu dipaké dina kagiatan panalungtikan. Instrumén atawa alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, léngkah-léngkah panalungtikan, sarta ngadéskripsikeun wangenan operasional panalungtikan.

**4) *BAB IV (Hasil Panalungtikan)***

Bab 4 ngadéskripsikeun data anu geus meunang ti lapangan, tuluy diolah pikeun bahan skripsi.

**5) *BAB V (Kacindekan jeung Saran)***

Bab 5 ngajelaskeun kacindekan tina sakabéh data anu meunang ditalungtik ti lapangan. Salian tina kacindekan, aya saran atawa asupan pikeun panalungtikan anu kahareupna.